

I. Wenehana tandha ping(X) ana sangarepe pratelan a, b, c, utawa d !

Wacanne teks ing ngisor iki kanthi becik !

Kirab Pusaka

Upacara iki asring disebut Kirab Pusaka Kraton Kasunanan Surakartam kang digelar saben malem 1 Sura, diwiwiti jam 00.00 utawa persis tengah wengi. Tradhisi kirab pusaka kang digelar kanggo mengeti ganti taun ing tanggal Jawa iki disebut uga Kirab Pusaka Malem 1 Sura. Gandheng saben kirab mesthi ana kebo bule kagungane kraton, mula kirab iki uga asring disebut Kirab Kebo Bule.

Tradhisi Kraton Kasunan Surakarta ing malem 1 Sura iki wis kagelar atusan taun kapungkur. Lain sasuwene iku uga kulawarga kraton, para abdi dalem, lan ewon peserta kirab liyane, ngirab pusaka-pusaka kagungan kraton kanthi Kebo Bule Kyai Slamet kang mandhegani ana sisih ngarep minangka cucuk lampah utawa pambuka dalan. Cacahe pusaka kang dikirab iku kabeh ana sangang iji lan kabeh dibungkus kain warna peteng.

- Kirab Pusaka Kraton Kasunan Surakarta iku digelar tanggal ...
a. malem 1 Sura c. 1 Zulhijah
b. 1 Syawal d. 1 Rajab
- Upacara kirab pusaka iku diwiwiti jam ...
a. 01.00 c. 12.00
b. 00.00 d. 00.12
- Kebo bule iku arane Kyai Slamet. Bule tegese ...
a. abang c. putih
b. ijo d. ireng
- Kebo Bule Kyai Slamet kang mandhegani ana sisih ngarep minangka ...
a. pungkasan c. pangiwa
b. pangiring d. cucuk lampah
- Cacahe pusaka kang dikirab iku kabeh ana ...
a. 7 c. 9
b. 8 d. 10

Wacanen !

Ing antarane bapak-bapak sing lenggah mau, ana priyayi sing lenggah ing pojok adoh karo lawang omah iku. Priyayi iku rada sepuh

ngagem kupluk, ya priyayi iku sing mimpin donga ing kendurenan. Priyayi iku mau lumrah disebut kaum. Lumrahe kaum iku wasis ing bab ilmu agama.

Kaum mau wiwiti donga sawise rombongan kendurenan dianggep wis kumpul kabeh. Sadurunge donga, kaum ngandharake tujuan dianakake kendurenan. Maksude ora liya nyuwun keslametan, kerukunan tumrap warga lan kulawargane sing padha ngumpul. Donga rampung, tutup- tutup ambeng dibukak. Kanthi mardika warga kumpul padha ngedhapi ambeng sing ana ngarepe. Bisa milih ambenge tanggane. Rampung ngedhapi ambenge sing cedhak karo lenggahe banjur padha kondur.

- Kendurenan iku slametan sing lumrahe tujuane
a. nyenyuwun keslametan marang gusti allah
b. ketemu karo tangga teparo
c. ngedohke paseduluran
d. ngetokake sugihe
- Sing mimpin donga nalika kendurenan iku lumrah disebut
a. kaum c. carik
b. naib d. modin
- Kang ora disuwun dening warga nalika kendurenan yaiku
a. keslametan
b. lancare rejeki
c. kabagaswarasan
d. kacilakan
- Sawise didongani, ambeng padha dikedhapi, iku tandha pribadine warga kang....
a. guyup c. andhap asor
b. grapyak d. prigel
- Meh saben wulan, ing salah sawijining papan ing tanah Jawa Tengah nganakake kenduren, iku tandha yen warga isih nguri-uri bab
a. tata karma c. budaya
b. tata susila d. upacara

II. Isenana ceceg-ceceg ingisor iki kanthi trep !

Wacanen batin !

Upacara Adat Rayakan Ancak

Upacara Rayakan Ancak utawi Larung sesaji ing Desa Moro, Kecamatan Bonang, Kabupaten Demak sampun kalampahan wiwit jaman kina ingkang dipunwontenaken saben surya kaping 5 Syawal ing saben warsanipun. Adicara punika nggadahi ancas, wujud syukur saha nyuwun keslametan dhateng Gusti Allah, mliginipun para pamiarsa mina utawi para nelayan.

Sampun dados kapitadosan, bilih upacara rayakan utawi rebutan ancak punika samangke badhe mbekta berkah dhumateng umat manungsa mliginipun para pamiarsa mina. Kanthi kapitadosan ingkang makaten, prasasat upacara punika boten nate dipuntilaraken. Upacara kasebut saben taunipun mesthi dipunwonteni kanthi slametan tuwin labuhan. Wondene ingkang damel sesaji utawi sajen adat endhas kebo lan ubarampe sanesipun.

Anggenipun ngawontenaken persiapan kangge nyengkuyung adicara kasebut, adat

saben pinten-pinten dinten saderengipun. Malah dipundhapak panitia, kanthi rapat utawi pirembagan. Ancas tujuanipun supados samangke ing tumpuking damel, sedaya saged kelampahan kanthi gangsar lancar boten wonten rubeda punapa-punapa.

1. Upacara Larung sesaji ing Desa Moro, Kecamatan Bonang, Kabupaten Demak arane
2. Upacara Larung sesaji iku dianakake saben
3. Tujuwane adicara Rayakan Ancak yaiku
4. Isine baku paragraf kaping pindho yaiku
5. Adat sajen kang dienggo upacara yaiku
6. Sakdurunge upacara kasebut digawe
7. Tujuwane digawe panitia yaiku
8. Tembung gangsar iku tegese
9. Tembung rubeda tegese
10. Tembung pamiarsa mina tegese